# ГЬУДУЛЛЪИ
## ДРУЖБА

druzhba555@mail.ru
druzhbabotlih.ru

№ 34 (10285) БОЛЪИХЪ РАЙОНАЛЪУЛ ГАЗЕТА 2022 сон. 13 май /Рузман


# Рохелги магІуги жубараб байрам




КІудияб ВатІанияб рагъда совет халкъалъ босараб Бергьенлъи хасаб чІухІигун кІодо гьабула улкаялдаго. Гьалеха 77 сон сверана, доб магІуги-рохелги жубараб, кІудияб Бергьенлъи босаралдаса, амма халкъалда кІочон гьечІо, гьеб Бергьенлъи гІагар гьабулаго совет халкъалъ бихьизабураб унго-унгояб бахІарчилъи. Гьелъие нугІлъи гьабула сонал анагІан кІодолъулеб буго, "Хвел гьечІеб полкалъул» къокъаялъги. Гьединаб акциялъ лъикІаб дарс кьолеб буго гІун бачІунеб гІелалъул чорхолъ ВатІаналдехун рокьи куцазе. Исанаги, жиб-жиб росабалъан жиде-жидер умумузул суратал тІад чІварал игІланалгун районалъул идарабазул хІалтІухъабазда цадахъ росабазул вакилзабиги эхетун рукІана райадминистрациялъул минаялда цере. Гьениб бугеб памятникалда цебе, абадияб цІаялда аскІоб, хасаб хъаравуллъуда гъоркь, Бергьенлъиялъул лентабиги рикьун, кІудияб мухъ гьабуна аслияб байданалде "Хвел гьечІеб полк" битІизе.

Бищунго кІудияб камилъунги бухІилъунги гьеб къоялъ букІана, гьеб полкалъул церехъабилъун, цересел соназ гІадин, чІагоял ветераназул къокъа гьечІолъи. Кидаго байрамалъе берцинлъи кьолел рукІарал чІагоял ветеранал, гьеб полкалъул къокъадулъан ралагьун рукІанин ракІалда ккола.

Памятникалда цебе, абадияб реццгун зонода цІарал рехсарал ветераналги ракІалде щвезарулаго тадбир рагьана 25908 рагъулаб часталъул штабалъул начальник,подполковник Юрий Кравчукица. Памятникалда цере чІагоял тІугьдулги лъун, минуталъулаб сихІкъотІиялдаса хадуб регІана «Хвел гьечІеб полк» аслияб байданалде.

Гьел мухъ гьабун унел рукІана. Мухъилъан рорхарал суртазухъ балагьидал ракІалде рачІана Расулил рагІаби:

**Дида ккола, рагъда, камурал васал,**
**Кирго рукъун гьечІин, къанабакь лъечІин.**
**Доба борхалъуда хъахІал зобазда,**
**ХъахІал къункърабазде сверун ратилин.**
**Гьел иххаз, хаселаз , халатал соназ,**
**Нилъее салам кьун роржунел руго.**
**Гьелъин нилъ пашманго бутІрулги рорхун,**
**Ралагьулел зодихъ щибаб нухалда**
**Боржун унеб буго къункърабазул тІел...**

Парадалъул гІахьалчагІи щвана районалъул аслияб байданалде.

Митинг рагьана районалъул администрациялъул аппараталъул нухмалъулев Дибир Манаповас.

Гьес тІоцебе кІалъазе рагІи кьуна районалъул бетІер Руслан ХІамзатовасе.

**-ХІурматиял районцоял! Баркула нужеда КІудияб ВатІанияб рагъулъ Бергьенлъи босаралдаса 77 сон тІубай.**


(Хадусеб 2-аб. гьум.)

# Рохелги магIуги жубараб байрам



(Байбихьи 1-себ гьум).

**Гьеб кьола нилъее бищунго кьиматаб ва хирияб байрам. Нилъ чIухIарал руго нацизм щущахъ биххизабурал ва Бергьенлъи босаразул ирсилал рукIиналдаса.**

**Нилъер ВатIаналъул эркенлъи цIунарал, фашистазул лагълъиялдаса Европаги тIолабго инсаниятги хвасар гьарурал бахIарзазул гьунаралъул кIодолъиялъул даража гIодобегIан гьабизе лъидаго кIоларо. Ирсилаз даимго цIунила ракIазулъ гьезул кIудияб гьунарги, къуркьигьечIеб бахIарчилъиги, ВатIаналдехун бугеб рокьиги.**




**Гьединго кIочон теларо нилъер районцояз бихьизабураб гьунарги, хIинкъи-кьай лъалареб багьадурлъиги.**

**Нилъер районалдаса 1800-ялдаса цIикIкIарав чи ана рагъде. Гьезул гIемерисел хутIана кьалул майданалда. КIудияб ВатIанияб рагъул киналго фронтазда бахIарчиго рагъарал азаргоялдаса цIикIкIун нилъер ракьцояв мустахIикълъана орденазегун медалазе.**

**КигIан нилъее бокьаниги, заманалъул ин тIадбуссинабизе нилъеда кIоларо. Гьале лъабабилеб соналъ нилъеца байрам кIодо гьабулеб буго рагъул ветеранал гьоркьор гьечIого. Нилъеда кидаго кIочене гьечIо гьезул гьунарги, Бергьенлъи гIагар гьабиялъе тылалда хIалтIаразул захIматги, кьохIехьейги. Рагъда шагьидлъарал киназего кьулула нилъеца бутIрул.**

**ХIурматиял гьудулзаби!**

**Нилъ санайилго рачIуна рагъда бахIарчилъиги къуркьигьечIолъиги, кIудияб Бергьенлъиялда бугеб гIищкъуги бихьизабун хваразул ва араб бакI лъачIого тIагIаразул цIарал хвараб мемориалалда цере. Гьеб буго нилъер гьездехун бугеб кIудияб адаб-хIурмат бихьизаби, нилъедаго ва нилъер лъималазда кинаб багьаги кьун босараб Бергьенлъи гьеб бугебали кIочене течIого, ракIазулъ цIуниги.**

**Тарихалъ тIалаб гьабулеб буго нилъедаса аралъул хIисаб гьабиги ва гьеб нилъеего дарслъун гьабиги.**



**Нилъеда кидаго кIочене бегьуларо цо халкъ цогидалдаса тIадегIан гьабиялъ кинаб вахIшияб ва гIемераб би гIодобе тIураб рагъде нилъ рачаралали, кинал камиздеде ва гIакъуба-къварилъабазде гьелъ рачаралали. Лъиего бальголъилъун кколаро, нацизмалъул идеология гIумрудулде бахъинабизеги, ВатIанияб рагъул хIасилал жидеего данде кколеб хIалалъ хисизаризеги, Бергьенлъиялъулъ советхалкъалъул бугеб кIвар гIодобегIан гьабизеги хIаракат бахъулеб букIин.**

**Жакъа нилъеда рихьулел руго, тарих цIидасан хьван, ракълилаб халкъалъул би жидер кверазда бугел такъсирчагIи ритIараллъун гьаризе хIаракат бахъулелги.**



**Нилъер халкъалъул масъалалъун ккола гьединал чагIазул рахъалдаса нилъер улкаялъе бугеб хIинкъи къучIдасаго тIагIинаби. Гьеле гьелъие лъураб гали букIана нилъер Президент В.В. Путиница хIукму гьабураб, хасаб рагъулаб операцияги. Гьелъул рахъ ккуна халкъалъги.**

**Гьеб операциялъул гIахьаллъи гьабулел руго нилъер ракьцоялги.**



**КIудияб ВатIанияб рагъул гIахьалчагIазул, 1999 соналъул ополченцазул тарбиялда гъоркь гIурал гьел гIолохъабаца бихьизабулеб буго бахIарчилъиги, къохIехьейги, ВатIаналде бугеб рокьиги.**

**ТIадаб масъалалъун ва жавабчилъилъун, ккола нилъер умумузул бахIарчилъи, тарих кIочене течIого ракIазулъ цIуни; нус-нус соназ ВатIаналъул аслулъун кколеб Бергьенлъабазул хIасил наслабазухъе кьун, гIадатияблъун гьаби.**

**РукIина нилъ умумузул цIаралъе мустахIикъаллъун, ва цIунила 45-абилелъул эркенлъи.**

**Гьарула киназего щулияб сахлъи, халатаб гIумру, битIккей, рекъел. Биччанте нужер хьизаназулъ талихIги, рохелги, метерисеб къоялда божилъиги букIине.**

**Бергьенлъигун, хириял ракьцоял.**

Бергьенлъиялъул къо баркун, гьединго, кIалъазе рахъана МухIамад ПатхIулаев, полковник 25908 рагъулаб часталъул командир Ян Оленин, Къохъ школалъул II абилеб классалъул цIалдохъан Зайнаб ХIажиева, Украиналда унеб хассаб рагъулаб операциялда гIахьаллъи гьабурав, Муни росулъа гIолохъанчи Закарья Нуцалханов.

Митинг къана цIалдохъабазул рагъулаб маршалдалъун.

КIудияб Бергьенлъиялде лъикIаб хIадурлъи гьабун бугоан Культураялъул рукъалъги. Гьезул церерахъин байбихьана театрализованнияб сценкаялдалъун: эркенаб, гIадатияб инсанасул гIумру циндаго рагъул коронибе ккей, ВатIаналъул ахIиялъе аза-азар гIолохъанчияс гьабураб жавабалдалъун бихьизабулеб бугоан культураялъул хIалтIухъабаз, цо лахIзаталда жаниб дуниял хисараб куц. Гьединго, байрамалде гьабураб лъикIаб хIадурлъигун цере рахъана школазул цIалдохъабиги ясли-ахазул гьитIичалги.

БукIа абе, даимаб рекъел. БукIа абе роцIцIараб зоб. Бергьенлъигун , хириял районцоял.

**З.МухIамадова**

# «Щивго кIочон гьечIо, щибго кIочон гьечIо»

Ниж чIухIарал руго ,талихIал руго,
Багьадурзабазул наслаби ратун.
Фашизмалъул къуват хIатIикьги мерхьун,
Ракълие нух лъурал умумуздаса.

Гьеле-гьединаб ахIиялда гьоркь букIанин ракIалде кколаан кIудияб Бергьенлъиялъул парад аслияб байданалда. ТIоцее Болъихь районалде практикаялъе йитIарай дида гIажаибго аваданаллъун рихьана гьеб районалъул гIадамалги. Дир суалазе кьурал гIатIидал жавабаздаса битIахъего чIухIигицин рехана рекIелъе. Гьадинан жидерго тарих лъалеб халкъ кидаго къуватаблъунги, намусгун къартI цIунараблъунги хIутIилин абун рекIелъ божилъиги бижана. Гьоркьехун рахъунел руго дир суалазе щварал жавабал.

**Жакъа, эркенаб гIумру тIамулаго, киналлъун рихьулел дуда рагъул сонал?**



***Жавгьарат Абакарова***

РекIкIав тушманасдаса ВатIанги эркенлъиги цIунизе цIа боркьараб рагъде арал васалгун ваццал, россабиги хисун, хурзал рекьизе пурцазул, хIалухъин бакIаризе нилъазул, хер бецизе харицелазулгун хьандирабазул гIоркьалги ккуна, мегIер-гIалахалдагун гIатIидал авлахъазда гIи-боцIиги хьихьана, сордо-къо батIа бахъичIого, макьуги-хIалхьиги тун, свакикIвахIги лъачIого цогидал хIалтIабиги гьаруна нилъер бахIарчиял руччабаз. Гьелде тIадеги, умумузул къадруги цIарги цIуниялъулгун ВатIан, захIмат бокьиялъул рухIалда тарбияги кьун лъималги гIезаруна. Кавказалъул кавабахъе тушманасул боял гIагарлъидал, гьезде дандечIеялъе щулалъаби гьариялдаги гьабуна хIаракатаб гIахьаллъи. Къокъаб хIасил-цIар рагIараб КIудияб Бергьенлъи гIагар гьабиялъе кьуркьи гьечIеб кьеркьей гьабуна руччабазги.

Рагъда, битIахъегояб гIахьаллъи гьабурай чIужугIаданин абуни, районалдаса цого-цо-Болъихъа МикагIилова ПатIимат йикIана. Гьей бахIарчияй гIадан йикIана дир кIудияв инсул яц. ВатIан цIунулеб цIадулъ бихьизабураб бахIарчилъиялъе гIоло гьей мустахIикълъана БагIараб цIва орденалъегун гIемерал медалазе. Тушманасда тIад КIудияб Бергьенлъи босун хадуса, гьей мунагьал чураяй, гIемерал соназ хIалтIана Республикаялъул тахшагьаралда батIи-батIиял жавабиял хьулухъазда.

ХIурматалда къимат-адабги гьабун бетIер къулила дица гьелъул ва щивав ветеранасул заназе, мунагьал чурагиян ТIадегIанав БетIергьанасдаги гьарула, дугIадулъги рехсола.

**Абула 9 май рохелги-магIуги жубараб байрам бугин.Дуда берчIвайгун хIакъикъаталдаги гьединаб асар бихьулеб буго дида. Лъазе бокьилаан гIилла?**



***Шанисат ШугIайпова***

Узухъда, гьедин буго гьеб. Дун кутакалдаса чIухIарай йиго, дунялалдаго цIар рагIараб, гIасиял ва халат рахъарал рагъал жинда сверухъ ккараб, Ленинградалъулаб блокадалда гIахьаллъарав, Шодродаса ШугIайпов АхIмаднабил ясдунго йикIиналдаса. Дида ракIалде ккола, гьаб жакъа тIолабго улкаялдаго гIадин, нилъер районалдаги байрам кIодо гьабизе бахъараб гIаламалъул «Хвел гьечIеб полкалда» гьоркьоб дир инсулги хасаб бакI бугин.

Хирияв инсул цIаралдаса дица ракI-ракIалъго баркула киназдаго Бергьенлъиялъул къо. Бихьугеги рагъул кьогIлъи.

**Щивасул рекIелъ 9 маялъ хасаб бакI ккун батула. Дуца кин загьир гьабилеб гьелъул хаслъи?**



***Багьжат СултIанова***

Дица гьеб къоялдехун бугеб дирго асар мунагьал чураяв диргo инсул рагIабаздалъун загьир гьабила.

Нуж рагъул ветераналВатIаналъул бахIарзал
Залимаб зулмуялде данде рагъун бергьарал
Рейхстагалъул тIохазда Бергьенлъиялъул байрахъ
Балагь нахъе чIванилан парпадизе гьабурал.
Фашизмадул гуллие керен кьун кьеркьолаго
КъапичIо нужер берал хвалилаб хIинкъиялда
ХIалуцарал рагъазда хIалхьи, рахIат гьечIого
Нуж гьайбатал бахIарзаз рачахъана гIалхулал.
Берлиналъул къаразда нужеца хъварал цIараз
ЦIоб гьечIев тушман чIванин тIубан нугIлъи гьабула

Бидул гъарачагIазда гъаргъариги базабун
БагIарармиялъулаз улка эркен гьабуна.
Гьединаллъун нуж рати гIелазе бугеб талихI
Ниж сабаблъун цIунараб ВатIаналда рукIиналъ
Гьелъухъ нужей баркала бутIрулги гIодор къулун
Гьелъухъго нужее рецц, гIасрабаца ссунареб.

Гьединал рукIана жавабал гIумрудул къимат бичIчIараб гIолохъанаб гIелалъулгун чIахIиязул. Кинаб жавабдай дида батилеб гIолилаздасан абун пикру гьабулаго бихьана гIолилазул цо къокъа, аскIое ун цо гIаммаб суал кьуна дица гьел цIалдохъабазе.

**Щиб нужеда лъалеб КIудияб ВатIанияб рагъул хIакъалъулъ абун?**



***Алан МухIамадов***

Ниж къого миллионал,
Къаникь ругел солдатал,
Европалъул бидулал
Байдабазда хутIарал.
Нижер васият буго
Нужее ссунареб цIа,
Нижер сасинчIеб гьаракь
Кьун буго цIумуралъе.
ЩIуне пахруго улка,
Гьелъий гIоло хвана ниж.
Хирияй эбелалъул
Макьуги кечIги цIуне!
Гьелъул цIар щурулаго,
Гьелъий гIоло хвана ниж.
ГIумру цIакъ гIолареб жо,
ГIадамал берцин гьабе,
ГIолохъаби нужеца
РагIиги цIарги цIуне!



***ГIайшат ИзмагIилова***

Ниж къого миллионал,
КъватIиса рокъор щвечIел,
Амма рокъоб буссана
Нижер намус, ритIухълъи.
БухIичIо, чIвачIо, хвечIо
Нижер хиял, къасд, мурад.
Хал гьабе нижер цIаяхъ,
ГIенекке нижер цIурмахъ!
Улкаялда кинабго
Нижеда гьикъун гьабе!
Закон, указ, амруял,
Нижеда гьикъун риччай!
Орденал, цIваби, цIарал
Нижедаги цIехон кье!
Судияца хIукмаби
Нижеда гьикъун къотIе!
Гьересиялъе тамихI
Нижер рахъалъан гьабе!
Гьел цIогьазда балеб цIал
Нижер цIаралдасан бай!
Цияб къал бокьаразда
Ниж чIаго ругин абе!
ЧIварал ниж умумузул
ХIинкъарал васал гьечIо.



***ХIажимурад Гунашев***

Ниж -къого миллионал,
ГIурусал, Белоруссал.
Нижер нусго миллат, мацI,-
Молдовал, Украинал.
Авлахъазул калмыкал,
Кавказ, дур мугIрул лъимал.
Нижер цIаяхъ балагье,
Нижер цIурмахъ гIенекке!
ЦIуне нижер гьудуллъи!
ЦIуничIони гьеб рогьо.
ЦIваби киналго лъикIал-
Какуге цо миллат, мацI!
Биччай бакьанги рукъги
Рекъон бащад букIине
Бурятал Казахазул,
Киналго Татаразул!
кверал кье гIаламалъул
Киналго гIадамахъе.
Нилъер гIагарлъи гьечIеб
ГьечIо ракь дунялалда.
Амма килщал хIанчIани,
БакIаб зар бихьизабе,
БукIараб кIочон гьечIин
Гьаб нижер рахъальанги,
Ниж- къого миллионал,
Ниж -къого миллионал,
Нижер цIаяхъ балагье,
Нижер цIурмахъ гIенекке!

«Ниж къого миллионал» абураб Расул ХIамзатовасул кочIодалъун кIудияб асар гьабуна гьез дир рекIее. Буго нилъер гIелазул ракIазулъ кIудияб бахIарчилъиялъе бакI. Тушбабаца ккураб росулъ жидерго партия гIуцIараб "Молодая гвардия" бачIана дида цебе.

Биччанте Аллагьас нилъер гIолилазул къуватги, жанги, бахIарчилъиги ракълие хIалтIизабизе хъвараблъун батизе.

**Марям ГIисаева**

ГЬУДУЛЛЪИ

Газета гIуцIарал:

«Болъихъ район» муниципалияб районалъул администрация

Учредители:

Администрация МР «Ботлихский район»

Директорасул ишал тIуралев

А. Агъларов

Мухбирзаби:

ГI. МухIамадова
П. Дибирова
П. Камилова
М. МухIамадова
ХI. ХIасанхIажиев

Фотокорреспондентал:
К. Камилов
Ш. МуртазагIалиев

Корректор
П.МухIамадова

Наборщица
П. Эльдарова

Дизайнер
С. Камилова

*Индекс: 368970*
*Адрес:*
Индекс: 368971. Адрес: ДР, Болъихъ районалъул Болъихъ росу, Имам ГьазимухIамадил къватI, 103
*Телефон:*
*Директорасул*
*8928 680 50 42*

*Эл. адрес druzhba555@mail.ru*

*Газета биччана редакциялъул компьютеразул цехалда, кьабуна ООО «Лотос» типографиялда.*

*Адрес: 367018, МахIачхъала, Петр-I-ясул къватI, 61*
*Тираж -800 Индекс-51349*

*Заказ № _____*

Газета зарегистрирована Управлением Федеральной службы по надзору в сфере связи, информационных технологий и массовых коммуникаций по Республике Дагестан.
от 31 мая 2017 года.
ПИ № ТУ 05 - 00381

Редакциялъул кидаго гуреб макъалабазул авторазулгун пикраби данде кколел. Макъалабазда рихьизарурал хIужабазул ва баяназул жаваб кьола гьезул автораз.

# Гьудуллъиялъул майданалда аваданаб тадбир



РФялъул ва РДялъул жамгIиявгун политикияв хIаракатчи, мунагьал чураяв ГIабдулбасиров МухIамадтIагьирил хIурматалда, ва 9 май Бергьенлъиялъул кьо кIодо гьабун, санайилго тIобитIулеб чуял тIамиялъул тадбир, нилъер районалда гIадатиябльун лъугьун буго. Кидаго гIадин, ансадерил «Сунсукь» майданалда исанаги гьеб тIобитIана анкьабилеб маялъ.

Чуялъул бугеб гьунар тIатинаби мурадалда гьеб бекеризабиги, бекерулеб чуялъухъ балагьиги суннат бугилан абулеб буго гIелму цIаларал чагIаз.

ХIарщги хIурги гьечIеб, чуязе рекьараб хIалалъ горсвериги, бухIи-цIорой гьечIеб, халкъалъе гьавабакъ рекьараб кьоги кьуна Аллагьас.

Чуял тIамиялъул кьецал байбихьилелде цере, кIиго километралъул манзилалда рекеризе риччана гIолилал. Гьениб тIоцебесеб бакI ккуна АнсалтIа росулъа ХIажи ХIайдарбеговас, кIиабилеб бакI щвана РахатIаса ГьитIинамухIамад СагIадуевасе ва лъабабилеб бакI-Болъихъа Маржиев ИсмагIилие. ГIарцулал шапакъатал гьезие кьуна АнсалтIа росдал бетIер Гьарун Мухтаровас.

Гьелдаса хадуб байбихьана тадбиралъул программаялда рекьон хIалтIи.

Тадбиралъулъ гIахьаллъана районалъул бетIер Руслан ХIамзатов, ДРялъул Халкъияб Собраниялъул депутат МухIамад ПатхIулаев, районалъул бетIерасул заместителал, МухIамадтIагьир ГIабдулбасировасул гIагарлъиялъул ва Хелекьури росдал вакилзаби, АнсалтIа росдал бетIер Гьарун Мухтаров, Республикаялъул батIи-батIиял шагьараздасагун районаздаса ва мадугьалихъ буго гьеб чачаназул рахьалдаса рикIкIен гIемерал гьалбал.

Гьеб тадбир рагьулаго, киназдаго байрамги баркун, районалъул нухмалъулес абуна:

**-Мунагьал чураяв МухIамадтIагьир ГIабдулбасировасул хIурматалда тIобитIулеб, гьанже гIадатиябльун жиб лъугьараб, чуял тIамиялъул тадбир гьаб ансадерил майданалда нилъеца тIобитIулеб буго 2012 соналдаса нахъе. КIудияб баркала буго ансадерил жамагIаталъе, гIолилазе, росдал администрациялъе санайилго, тIадегIанаб даражаялда гьеб тадбир тIобитIизе гьабулеб гIуцIалилаб хIалтIухъ.**

**Жакъа нилъеца ракIалде щвезавулев, кIвахI гьечIеб ва ракIбацIцIадаб хIалтIухъ пачалихъалъул гIемерал шапакъатазе жив мустахIикълъарав МухIамадтIагьир ГIабдулбасиров ккола нилъее киназего жиндаса мисал босизе мустахIикъавлъун. Жиндир заманаялъ гIемераб хIалтIи гьабуна гьес нилъер район цебетIеялъеги. Баркала буго гьесул гIагарлъиялъеги гьесул цIар цIуниялъухъги, кидаго, нилъер гьадинал тадбиразулъ хIаракатаб гIахьаллъи гьабиялъухъги. Гьарула кьецазулъ гIахьаллъаразеги, киназеги икъбал. Биччанте бергьине гьудуллъи ва цолъи,-ян.**



Республикаялъул Халкъияб Собраниялъул депутат МухIамад ПатхIулаевасги лъикIаб рагIудалъун ракIалде щвезавуна МухIамадтIагьир ГIабдулбасиров, кьокьго бицана гьев мунагьал чураяс нахъа тараб хIалтIулаб нухалъул, Россиялъулго росдал магIишат цебетIезабиялъулъ тараб лъалкIалъул.

МухIамадтIагьир ГIабдулбасировасул гIагарлъиялъул рахъалдаса киназего баркала кьуна ГIумар Сакъидибировас. ТIоцебесеб иргаялда гьес баркала кьуна гьеб спортивияб проекталъе кьучI лъурав МухIамад ПатхIулаевасе ва хадубккун, гьеб тадбир гьоркьоб кьотIизе течIого, жеги гIатIид гьабун ва тIадегIанаб даражаялде бахизабурав районалъул бетIер Руслан ХIамзатовасе, ансадерил халкъалъе ва тадбиралъул гIуцIалилаб комитеталъе. Кьецазул гIахьалчагIазе гьес гьарана битIккей ва икъбал.

Гьелдаса хадуб байбихьана кьецал.

ТIоцебесеб партиялда чуял риччана лъабго горсверуда. Гьениб гIахьаллъана хех бекерулеб 11 чу. Бергьенлъи босана АнсалтIаса ХIажимурад ШагIбановасул чуялъ.

Анкьго горсверуда цебе бахъана кинабниги 16 чу, цIикIкIарасел рукIана, лъикI хIадурарал, чачаназул чуял. Гьединлъидал тIоцебесеб бакI гьеб партиялда чачаназул чуялъ босизе букIиналда щаклъизего бачIунеб букIинчIо. Амма, цо-цо ккун чуялги нахъа толаго, анлъабилеб горсверуда цебесеб бакIалде бачIана Беледиса Вагьабов ГIабасил чу. Гьедин, нахъа ругел чуязда гьоркьоб манзилги цIикIкIинабулаго, гьеб чуялъ босана байрахъ. КIиабилеб лъабабилебги бакIал ккуна чачаназул чуяз.

Лъабабилеб партиялда 11 горсверуда стартлалде рахьана халат рекерулел чуял. Гьезда гьоркьоб букIана исана ГIандиб ва Зилоб тIоритIарал кьецазулъ бергьараб чуги. Гьаб нухалъ гьеб бачIана кIиабилеб бакIалда. Финалалде щвезе бащадаб свери хутIараб бакIалда гьеб нахъа тана Беноялдаса Абу Лукъмановасул чуялъ. Гьеб партиялда лъабабилеб бакIги ккуна чачаназул Курчалоялдаса Ломали ИсмагIиловасул чуялъ.

Лъабабго партиялъулъ бергьенлъи босарал чуязда гьоркьоб бикьана призалъулаб фонд-300 азарго гъурущ.

**ХI. ХIасанхIажиев.**

